

**OTORIZASYON POU REVELE ENFÒMASYON SOU SANTE KONFÒMEMAN AK HIPAA  
[Depatman Sante Leta Nouyòk apwouve fòm sa a]**

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal
Adrès Pasyan an		

Mwenmenm, oswa reprezantan otorize m lan, ap mande pou yo revele enfòmasyon sou sante mwen ki konsène swen ak tretman map resevwa, jan sa endike nan fòm sila a:

Konfòmeman ak Lwa Leta Nouyòk e konfòmeman ak Règ sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive ki etabli nan Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite nan domèn Asirans Sante (HIPAA), mwen konnen ke:

1. Otorizasyon sa a ka gen ladann revelasyon enfòmasyon ki konsène **ABI ALKÒL ak DWÒG, TRETMAN POU SANTE MANTAL**, esepite nòt sikoterapi, ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN RAPÒ AVÈK VIH\*** sèlman si mwen mete inisyal mwen sou liy ki apwopriye nan Seksyon 9(a). Sizoka enfòmasyon sou sante ke nou dekri pi ba a enkli nenpòt tip enfòmasyon sa yo, e ke mwen mete inisyal mwen sou liy ki nan kaz nan Seksyon 9(a), map otorize espesifikman pou yo revele enfòmasyon sa a bay moun(yo) ki endike nan Seksyon 8 la.

2. Si map otorize pou yo revele enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH, avèk tretman pou abi alkòl oswa dwòg, oswa avèk tretman pou sante mantal, moun kap resevwa enfòmasyon sa a pa otorize pou l revele ankò enfòmasyon sa a san otorizasyon mwen, amwenske lwa federal oswa lwa leta pèmèt sa. Mwen konnen se dwa mwen pou mwen mande pou yon lis moun ki ka resevwa oswa ki ka itilize enfòmasyon m ki gen rapò avèk VIH, san otorizasyon mwen. Si mwen viktim diskriminasyon poutèt yo revele oswa poutèt yo devwale enfòmasyon m ki gen rapò avèk VIH, mwen ka kontakte Divizyon Dwa Imen nan Leta Nouyòk (New York State Division of Human Rights) nan nimewo (212) 480-2493 oswa Komisyon sou Dwa Imen nan Vil Nouyòk (New York City Commission of Human Rights) nan (212) 306-7450. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa m yo.

3. Se dwa mwen pou m anile otorizasyon sa a nenpòt lè, depi mwen annik ekri pwofesyonèl swen sante ki gen non l ki make pi ba a. Mwen konnen mwen ka anile otorizasyon sa a esepite nan ka kote yo deja pran aksyon oswa desizyon baze sou otorizasyon sa a.

4. Mwen konnen ke lè m siyen otorizasyon sa a, mwen fè sa volontèman. Tretman m, peman m ak enskripsyon mwen nan yon plan sante, oswa elijibilite m pou m resevwa benefis, pap baze sou otorizasyon mwen bay pou revelasyon sa a.

5. Enfòmasyon yo revele selon otorizasyon sa a, moun ki resevwa l la ka revele l ankò bay lòt moun (esepite jan yo endike l pi wo a nan Seksyon 2), epitou revelasyon sa a yap fè ankò bay lòt moun pap pwoteje ankò selon lwa federal oswa lwa lokal.

**6. OTORIZASYON SA A PAP OTORIZE OU POU DISKITE ENFÒMASYON SOU SANTE MWEN OSWA SWEN MEDIKAL MWEN AVÈK NENPÒT Lòt MOUN SI MOUN SA A SE PA AVOKA A OSWA AJANS GOUVÈNEMANTAL KI ENDIKE ESPESIFIKMAN NAN SEKSYON 9 (b).**

7. Non ak adrès pwofesyonèl swen sante oswa antite kap revele enfòmasyon sa a:	
8. Non ak adrès moun(yo) oswa kategori moun yap voye enfòmasyon sa a pou li a:	
9(a). Enfòmasyon espesifik pou yo revele:	
<input type="checkbox"/> Dosye Medikal apatide (mete dat la) _____ jiska (mete dat la) _____ <input type="checkbox"/> Tout Dosye Medikal la, ki enkli istorik medikal pasyan an, nòt biwo yo (esepte nòt sikoterapi), rezilta tèst, etid radyoloji, fim, referans, konsiltasyon, dosye faktirasyon, dosye asirans, ak dosye lòt pwofesyonèl swen sante voye ba ou. <input type="checkbox"/> Lòt enfòmasyon: _____ <span style="float: right;">Ki enkli: (<i>Mete Inisyal ou pou endike</i>)</span> <span style="float: right; margin-right: 50px;">_____ <b>Tretman alkòl/dwòg</b></span> <span style="float: right; margin-right: 50px;">_____ <b>Sante mantal</b></span> <span style="float: right; margin-right: 50px;">_____ <b>Enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH</b></span>	
<b>Otorizasyon pou diskite sou Enfòmasyon sou Sante</b>	
(b) <input type="checkbox"/> Lè mwen mete inisyal mwen la a _____, map otorize _____ <span style="display: block; text-align: center; margin-left: 150px;">Inisyal</span> <span style="display: block; text-align: center; margin-left: 350px;">Non pwofesyonèl swen sante endividyèl la</span>	
pou l diskite sou enfòmasyon sante m avèk avoka mwen, oswa avèk yon ajans gouvènemantal, ki make la a:  <hr style="width: 80%; margin: 0 auto;"/> <p style="text-align: center;">(Non Avoka a/Kabinè Avoka a oswa Non Ajans Gouvènemantal la)</p>	
10. Rezon ki fè yap revele enfòmasyon an: <input type="checkbox"/> Sou demann moun nan <input type="checkbox"/> Lòt rezon:	11. Dat oswa evènman pouki otorizasyon sa a pral ekspire:
12. Si se pa pasyan an, non moun kap siyen fòm nan:	13. Otorite pou siyen onon pasyan an:

Yo ranpli tout enfòmasyon ki nan fòm sa a e yo reponn kesyon m yo konsènan fòm sa a. Anplisdesa, yo banm yon kopi fòm lan.

Dat: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
 Siyati pasyan an oswa reprezantan legal la.

**\*Viris Iminodefisitè Imen ki lakòz SIDA. Lwa sou Sante Piblik nan Leta Nouyòk (New York State Public Health Law) pwoteje enfòmasyon ki ka rezonableman idantifye yon moun ki gen sentòm oswa enfeksyon VIH e li pwoteje enfòmasyon ki konsène kontak yon moun.**